



ENSTRIKSYON PWOVIZWA POU AMIZMAN ANDEDAN AK DIVÈTISMAN POU FANMI PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè ou fin li dokiman sa a, ou ka afime nan espas ki anba a.

Nan dat 25 mas 2021

Objektif

Yo te kreye Enstriksyon Pwovizwa pou Amizman Andedan ak Divètisman Fanmi pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 sa a ("Enstriksyon Pwovizwa pou Amizman Andedan pandan COVID-19") pou bay mèt/administratè etablisman amizman andedan yo ak sant divètisman pou fanmi yo ak anplwaye yo, founisè sèvis yo, vandè yo, ak kliyan yo prekosyon pou ede pwoteje kont pwopagasyon COVID 19.

Enstriksyon sa yo valab pou tout etablisman amizman andedan ak aktivite sant divètisman pou fanmi, sa gen ladan pami lòt bagay sal jwèt videyo ak jwèt ladrès ak chans pou achte kado, hòki sou tab, ping pong, Skee-Ball, kous avèk obstak oswa pakou rekreyatif, jwèt lazè, zòn jwèt pou timoun piti, jwèt chape, atraksyon reyalyte vityèl, pak tranplen andedan, kawousèl andedan, ti tren andedan, montay ris, ak/oswa ti machin andedan.

Etablisman amizman andedan yo ak sant divètisman pou fanmi yo gen dwa re-ouvè kòmnanse nan vandredi, 26 mas 2021 konfòmman ak enstriksyon sa yo. Pati Responsab yo – jan yo defini pi ba a – dwe depoze yon plan re-ouvèti devan depatman sante konte oswa otorite sante piblik pa yo a, nan yon delè de semèn apre re-ouvèti an, ki gen ladan pwotokòl sante presi ki anplas yo pou respekte egzijans ki prezante nan enstriksyon sa yo.

Enstriksyon sa yo pa valab pou ni pak amizman deyò, ni pak ki gen tè, ni pak dlo, ki pa kapab re-ouvè anvan vandredi, 9 avril 2021, e ki dwe suiv enstriksyon Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la pral pibliye pi devan yo.

Atraksyon oswa aktivite amizman andedan kote yo pa kapab respekte kòm sadwa nòm distans sosyal ak netwayaj ak itilizasyon dezenfektan ki dekri nan dokiman sa a (paregzap pisin boul) dwe rete fèmen.

Etablisman amizman andedan yo ak sant divètisman pou fanmi yo gen dwa gen ladan yo yon varyete aktivite epi pwopriyete/administratè sant amizman andedan ak divètisman pou fanmi yo dwe respekte direktiv DOH pou sektè yo a, lè yo konsène. Pi presizeman, magazen lavant an detay oswa magazen kado yo dwe fonsyone konfòmman ak "Enstriksyon Pwovizwa pou Aktivite Biznis Lavant an Detay ki Esansyèl epi ki nan Faz II a Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Essential and Phase II Retail Business Activities During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Aktivite nan biwo yo dwe fèt konfòmman ak "Enstriksyon Pwovizwa pou Travay nan Biwo Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Office-Based Work During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Restoran yo, ba yo yo ak/oswa konsesyon yo dwe fonsyone konfòmman ak "Enstriksyon Pwovizwa pou Sèvis Manje Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la;" DOH la, a kondisyon, sepandan, ke depi enstriksyon sa yo aplike nòm pi estrik, Pati Responsab yo respekte nòm sa yo. Aktivite espòtif ak rekreyatif, tankou grenpe wòch, mini-gòlf, kaj bezbòl, ak/oswa bolin dwe fonsyone konfòmman ak "Enstriksyon Pwovizwa pou Espò ak Rekreyasyon Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Sports and Recreation During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Pisin yo ak teren jwèt dlo yo dwe fonsyone konfòmman ak "Enstriksyon Pwovizwa pou Pisin ak Teren Jwèt Dlo Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Pools and Recreational Aquatic Spray Grounds During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la, a kondisyon, sepandan, ke depi enstriksyon sa yo egzije

pou moun kouvri figi yo, Pati Responsab yo dwe kite kliyan yo dekouvri figi yo tanporèman pandan yo nan dlo a poutèt pwoblèm sante ak sekirite. Sinema yo dwe fonksyone konfòmeman ak "Enstriksyon Pwovizwa pou Sinema Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Movie Theaters During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Espektak devan piblik yo dwe suiv direktiv ki dekri nan "Enstriksyon Pwovizwa pou Lye Espektak Gwosè Piti ak Mwayen Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Small and Medium-Scale Performing Arts and Entertainment Venues During the COVID-19 Public Health Emergency) oswa nan "Enstriksyon Pwovizwa pou Gran Lye Espektak Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Large-Scale Performing Arts and Entertainment Venues During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH pral pibliye pi devan yo, sa ki konsène yo a.

Direktiv sa yo se egzijans minimòm sèlman epi patwon/administratè yon etablisman amizman andedan oswa yon sant divètisman pou fanmi te mèt pran plis prekosyon oswa mete plis restriksyon. Rekòmandasyon sa yo baze sou pi bon pratik sante piblik nou konnen yo nan moman piblikasyon an, epi dokimantasyon ki sèvi kòm baz pou rekòmandasyon sa yo kapab chanje epi yo chanje souvan. Pati Responsab yo – jan yo defini pi ba a – responsab respekte tout egzijans lokal, eta ak federal ki gen pou wè avèk aktivite amizman andedan ak divètisman pou fanmi ak fonksyonman yo. Pati Responsab yo responsab tou pou yo toujou okouran tout chanjman nan egzijans sa yo, e pitou pou yo fè yo antre nan tout aktivite amizman andedan ak/oswa Plan Sekirite pou Lokal la.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202 a (Executive Order 202), ki deklare yon ijans poutèt katastwòf nan eta an reyaksyon a ijans sante piblik COVID-19 la. Depi 15 me 2020, Eta New York elabore ak deplwaye yon estrateji re-ouvèti ekonomik pa faz ki baze sou lasyans ak done yo, sa ki pèmèt sèten endistri reprann oswa ogmante aktivite yo ak fonksyonman yo san danje epi an menm tan pwoteje sante piblik pandan pandemi COVID-19 la.

Anplis nòm ki annapre yo, biznis yo dwe kontinye respekte enstriksyon ak

direktiv pou kenbe anviwònman travay pwòp ak san danje DOH pibliye yo.

Tanpri pran nòt lè enstriksyon yo ki nan dokiman sa a diferan de lòt dokiman enstriksyon Eta New York pibliye, se enstriksyon ki pi nouvo yo k ap aplike.

Nòm pou Fonksyonman Responsab Etablisman Amizman Andedan nan Eta New York

Pa gen aktivite ni sèvis nan etablisman amizman andedan oswa nan sant divètisman pou fanmi ki kapab fèt san respè nòm Eta minimòm ki annapre yo, epitou egzijans federal ki aplikab yo, tankou pami lòt bagay nòm minimòm Lwa sou Ameriken ki Gen Andikap la (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman an (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) Depatman Travay Etazini an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki nan enstriksyon sa yo aplike pou tout etablisman amizman andedan ak sant divètisman pou fanmi k ap fonksyone pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske Eta a anile oswa amande yo. Mèt/administratè etablisman amizman andedan oswa sant divètisman pou fanmi an, oswa yon lòt pati mèt la/administratè a deziyen (kèlkeswa ka a, "Pati Responsab yo"), ap responsab respè nòm sa yo.

Enstriksyon ki annapre yo òganize toutotou twa kategori diferan: moun, kote, ak pwosede.

I. MOUN

A. Distans Fizik

- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou prezans mendèv la ak kliyan yo pa epase 25% kantite moun oswa kapasite maksimòm nan pou yon zòn an patikilye jan sètifika okipasyon an fikse li, sa gen ladan anplwaye ak kliyan, e yo dwe pèmèt toude antre nan etablisman an sèlman si yo mete kachnen akseptab, depi moun nan gen plis pase laj dezan e kapab tolere kachnen sa a sou plan medikal.
 - Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou evènman prive yo (paregzanp, fèt anivèsè, evènman antrepriz) pa gen plis pase sa ki pi piti an ant: 25% kantite moun maksimòm nan pou yon zòn an patikilye jan sètifika okipasyon an fikse li oswa limit Eta a mete kounye a sou rasanbleman sosyal andedan, ki se 100 moun pou piplis, apati de 22 mas 2021.
- Pati Responsab yo dwe garanti toujou gen yon distans omwen sis pye ant moun yo, sa gen ladan anplwaye ak kliyan, sòf pou kliyan ki fè pati menm gwoup/kay/fanmi (paregzanp, pandan y ap tann nan liy, lè y ap jwe jwèt yo), sòf si sekirite oswa aktivite prensipal y ap fè a egzije yon distans pi kout (paregzanp, sèvi ak kès peman, deplase ekipman).
 - Nan zòn kote gen anpil entèraksyon ant anplwaye ak kliyan epi distans sis pye a pa posib ant anplwaye yo ak kliyan yo, Pati Responsab yo dwe mete baryè fizik ant anplwaye yo ak kliyan yo (paregzanp, kès peman, kyòs tikè, konsesyon, ak pòs pou pran tikè), epi endike distans omwen sis pye yo pou kliyan ki gen dwa fè liy yo.
 - Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou mou ki pa nan menm gwoup/kay/fanmi an kenbe yon distans omwen sis pye youn ak lòt gras arediksyon kapasite atraksyon yo si sa nesèsè ak/oswa enstalasyon baryè fizik.
 - Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou distans sosyal la respekte nan atraksyon, jwèt, ak aktivite pou plizyè moun yo, sòf si moun yo fè pati menm gwoup/kay/fanmi an oswa yo mete baryè fizik apwopriye anplas. Si Pati Responsab yo pa kapab re-ranje atraksyon yo, jwèt yo, ak aktivite yo pou garanti distans apwopriye, Pati Responsab yo dwe fèmen oswa sispann atraksyon, jwèt oswa aktivite ki sou kote yo, oswa enstale baryè fizik apwopriye ant atraksyon, jwèt, oswa aktivite sa yo.
 - Pou atraksyon, jwèt, ak aktivite kote kliyan yo pa chita pou jwe, yo dwe make entèval sis pye toutotou andeyò atraksyon oswa jwèt la pou fasilite distans sosyal. Yo kapab otorize rasanbleman kliyan ki p ap jwe pou gade atraksyon oswa jwèt yo sèlman si yo kapab kenbe distans sosyal oswa si yon enstale baryè fizik.
 - Pati Responsab yo dwe evite konbine moun nan diferan gwoup/kay/fanmi pou aktivite an gwoup ki gen dwa egzije yon sèten kantite moun pou patisipe, sòf si yo kapab kenbe distans sosyal, oswa yo enstale baryè fizik apwopriye pou separe gwoup yo.
- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou tout moun, sa gen anplwaye yo ak kliyan yo, toujou mete kachnen ki akseptab, depi moun yo gen plis pase laj dezan epi kapab tolere kachnen sa a sou plan medikal. Sepandan, kliyan yo gen dwa tanporèman wete kachnen yo lè yo chita nan yon zòn ki deziyen pou sa pou manje oswa bwè. Yo dwe mete kachnen tout lòt lè yo, sa gen ladan pami lòt bagay, pandan y ap tann nan liy pou atraksyon, jwèt, oswa aktivite, tann nan liy pou pran tikè, ak sikile nan nenpòt ki espas komen. Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou tout atraksyon, jwèt, oswa aktivite ki egzije pou kliyan yo wete kachnen yo entèdi.
 - Pami kachnen ki akseptab yo pou COVID-19 gen kachnen an twal ak mask dispozab ki kouvri ni bouch la ni nen an.
 - Toutfwa, kachnen ki fèt an twal, ki jetab, oswa lòt kachnen ki fèt lakay yo pa kachnen ki akseptab pou aktivite nan espas travay ki jeneralman mande pou gen byen plis pwoteksyon pa mwayen ekipman pwoteksyon pèsonèl (PPE) akòz nati travay la. Pou aktivite sa yo, respiratè N95

oswa lòt PPE ke yo itilize anba nòm endistri ki egziste yo ta dwe kontinye itilize, menm jan sa defini selon [konsiy OSHA yo](#).

- Yo dwe aplike egzijans kouvèti vizaj la nan yon fason ki konsistan avèk Lwa sou Ameriken ki Andikape yo (American with Disabilities Act, ADA) federal la ak Lwa sou Dwa Moun (Human Rights Law) nan Eta ak Vil New York, jan sa aplikab.
- Pati Responsab yo gen dwa chanje itilizasyon ak/oswa mete restriksyon sou kantite espas travay, zòn pou anplwaye ak/oswa kliyan chita yo, ak atraksyon yo, jwèt yo, oswa aktivite yo yon jan pou moun yo gen yon distans omwen sis pye ki separe yo youn de lòt nan tout direksyon (paregzanp youn sou kote lòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa sèvi avèk menm pòs travay, atraksyon, jwèt, oswa aktivite san yo pa netwaye ak dezenfekte souvan (paregzanp apre chak itilizasyon), sòf si moun yo fè pati menm gwoup/kay/fanmi. Pou mete distans la yo gen dwa fizikman deplase atraksyon, jwèt, oswa aktivite yo oswa dezaktive atraksyon, jwèt, oswa aktivite yo, lè sa nesèsè. Lè pa gen mwayen pou mete distans ant espas travay yo, atraksyon yo, jwèt yo, oswa aktivite yo, Pati Responsab yo gen dwa mete baryè fizik (paregzanp mi pwoteksyon an plastik) nan zòn kote yo p ap jennen ni sikilasyon lè, ni chofaj, ni refwadisman, ni ayerasyon, ni poze risk pou sante oswa sekirite.
 - Si yo itilize yo, yo dwe mete baryè fizik yo an plas annakò ak [direktiv OSHA yo](#).
 - Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan: rido an band, kabin, pleksiglas oswa materyèl parèy yo, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab yo dwe chanje aranjman zòn pou chita yo (paregzanp, chèz, tab) nan zòn komen pou chita yo pou garanti moun ki pa nan mwen gwoup/fanmi/kay gen yon distans omwen sis pye ki separe yo nan tout direksyon (paregzanp, youn sou kote lòt ak lè youn anfas lòt), oswa yo dwe mete baryè fizik apwopriye anplas. Zòn komen pou chita kote yo pa kapab kenbe distans fizik oswa kote yo pa kapab enstale baryè fizik dwe fèmen.
- Pati Responsab yo dwe entèdi pou gen plis pase yon sèl moun alafwa nan ti espas (paregzanp dèyè kès peman, zòn pou prete ekipman), sòf si tout anplwaye ki nan espas sa a an menm tan mete kachnen akseptab oswa fè pati menm gwoup/kay/fanmi. Sepandan, menm si yo itilize kouvèti vizaj pa dwe gen plis pase 25% kantite moun maksimòm nan espas la, sof si li fèt pou se yon sèl moun ki ladan. Antite ki Responsab yo ta dwe ogmante nan pi gwo mezi posib ayerasyon ak lè ki soti deyò (pa egzanp, ouvri fenèt yo, kite pòt yo ouvri), pandan ke y'ap kenbe pwotokòl sekirite yo.
 - Si yo prezan, Pati Responsab yo dwe pran mezi anplis pou anpeche rasanbleman nan zòn pou tann asansè yo epi limite kantite moun ki monte nan asansè yo, gras a posibilite pran eskalye.
- Pati Responsab yo dwe afiche panno toupatou nan etablisman amizman oswa sant divètisman pou fanmi an, annakò ak [panno DOH yo pou COVID-19](#). Pati Responsab yo kapab elabore pwòp endikasyon pa yo espesyalman pou yon lye oswa kad travay, depi endikasyon sa yo ale avèk endikasyon Depatman an. Yo dwe itilize afich yo pou raple moun yo pou yo:
 - Rete lakay ou si yo santi yo malad.
 - Toujou kouvri nen yo ak bouch yo ak kachnen, eksepte pandan yo chita ap manje oswa bwè.
 - Respekte egzijans [mizangad pou vwayajè](#) DOH yo.
 - Byen konsève epi, lè sa nesèsè, jete PPE yo, ki gen ladan kachnen yo, kòm sadwa.
 - Respekte direktiv sou distans fizik yo.
 - Rapòte sentòm, oswa ekspozisyon a COVID-19 yo, ak jan pou yo fè sa.
 - Swiv konsiy ijyèn men ak netwayaj ak dezenfeksyon yo.

- Swiv ijyèn respirasyon ak etikèt pou fason pou touse yo kòm sadwa.
- Si sa nesesè, sèvi ak pwodui netwayaj ak dezenfektan, suiv enstriksyon ki sou etikèt la, apre itilizasyon, depi moun nan se yon anplwaye oswa kliyan granmoun, e pa yon minè ki lè li sèvi ak pwodui sa yo sa prezante danje posib.

B. Rasanbleman nan Espas Fèmen yo

- Pati Responsab yo dwe limite rasanbleman anplwaye an pèsonn (paregzanp, reyinyon anplwaye, sal repo, sal depo) nan mezi sa posib epi reflechi sou sèvi avèk lòt metòd pou reyinyon yo, tankou konferans pa videyo oswa telekonferans depi sa posib, dapre enstriksyon CDC yo "Enstriksyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon yo Planifye ak Reyaji a Maladi Kowonaviris 2019 la (COVID-19)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè konferans pa videyo oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo dwe fè reyinyon yo nan espas ouvè, byen ayere epi pran dispozisyon pou moun yo kenbe distans sosyal sis pye youn ak lòt (paregzanp, kite espas nan mitan chèz yo, fè moun yo sote yon chèz).
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje distans sosyal lè yo mete limit sou kantite moun ki ka gen nan espas yo oswa fèmen enstalasyon ak espas kominotè ki pa esansyèl yo ki pa pèmèt yo respekte pwotokòl distans sosyal yo. Si yo ouvè yo, Pati Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men oswa sèvyèt dezenfektan disponib toupre ekipman sa yo (egzanp, distribitè otomatik, aparèy kafe komen).
- Pati Responsab yo dwe mete an plas ase pratik distans sosyal nan espas konfine, tankou twalèt ak sal repo, e ta dwe kreye siyalizasyon ak sistèm (egzanp, siyale lè w okipe) pou ratresi okipasyon an lè distans sosyal la pa ka kenbe nan espas sa yo; epi
- Pati Responsab yo ka aplike pi bon pratik pou twalèt komen yo ki gen ladan, men pa limite a:
 - enstale baryè fizik ant twalèt yo, lavabo yo, ak distribitè savon/sèvyèt papye yo, si separasyon sis pye a pa posib (pa egzanp, fèmen chak de kabin twalèt oswa lavabo);
 - itilize distribitè savon san kontak yo;
 - itilize distribitè papye ijyenik san kontak olye yo itilize sechwa a lè yo; epi
 - enstale afich apwopriye pou ankouraje restriksyon sou kantite moun ki ka gen nan twalèt yo ak pou yo rete a distans pandan y ap tann pou yo antre.
- Nan limit sa posib, Pati Responsab yo dwe espase orè yo pou anplwaye yo kapab respekte distans sosyal (paregzanp, sis pye espas) pou tout reyinyon anplwaye (paregzanp pandan y ap pran poz kafe, manje, epi lè woulman travay yo ap kòmanse/fini).

C. Aktivite Operasyonèl

- Nan yon delè de semèn apre re-ouvèti an, Pati Responsab yo dwe depeze yon plan devan depatman sante konte oswa otorite sante piblik lokal pa yo a, sa gen ladan pwotokòl sante presi ki anplas yo pou respekte egzijans ki prezante nan enstriksyon sa yo (paregzanp, evalyasyon sante, distans sosyal, kachnen, kontwòl depasman, ijyèn men, netwayaj ak itilizasyon dezenfektan, kominikasyon).
 - Lè yo fin resevwa plan an, fonksyonè sante lokal yo gen dwa mande plis enfòmasyon ak/oswa fè enspeksyon sou plas oswa a distans pou verifye respè egzijans enstriksyon sa yo.

- Pati Responsab yo dwe suiv "[Enstriksyon pwovizwa pou Sèvis Manje Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Food Services During the COVID-19 Public Health Emergency) pou tout sèvis manje yo ofri sou plas, sa gen ladan tout separasyon obligatwa ant tab yo ak chèz yo ak distans sosyal ant gwoup kliyan yo. Sepandan, depi enstriksyon sa yo aplike nòm pi estrik, Pati Responsab yo dwe respekte enstriksyon sa yo; depi, anplis:
 - Pati Responsab yo pran dispozisyon pou kliyan yo manje ak bwè lè yo chita sèlman.
 - Pati Responsab yo dwe sispann bifè manje ak bwason (paregzanp, kondiman, soda).
 - Pati Responsab yo dwe ofri manje ak bwason ki tou vlope oswa ki nan veso tou fèmèn, depi sa posib, epi moun ki pa nan menm gwoup/kay/fanmi p ap separe.
 - Pati Responsab yo dwe respekte tout kouvrefe ki aplikab sou sèvis manje ak bwason yo; apati 25 mas 2021, sèvis manje ak bwason sa yo dwe sispann aktivite yo a 11:00 PM pou pi ta.
- Pati Responsab yo dwe fèmèn tout atraksyon, jwèt, oswa aktivite nan etablisman amizman andedan ak sant divètisman pou fanmi an kote yo pa kapab kenbe distans sosyal, baryè fizik, ak/oswa nòm netwayaj ak itilizasyon dezenfektan ki dekri nan enstriksyon sa yo, oswa tout atraksyon, jwèt, oswa aktivite ki t ap egzije pou kliyan yo wete kachnen yo pou patisipe (pregzanp, pisin/basen boul).
- Pati Responsab yo dwe evalye chak atraksyon, jwèt, ak aktivite endividyèlman pou konfime kliyan yo kapab mete kachnen san danje, epi kachnen yo p ap prezante yon danje atik lach ni jennen fonksyonman san danje jwèt la, atraksyon an, oswa aktivite a.
 - Pati Responsab yo dwe fèmèn tout atraksyon, jwèt, oswa aktivite kote kliyan yo kapab mete kachnen yo toutan san danje.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje pou kliyan yo vini sou rezèvasyon fèt alavans sèlman, lè sa posib.
- Pati Responsab yo dwe mete kont manm pèsònèl pou siveye atraksyon, jwèt, ak aktivite kliyan yo ap itilize aktivman yo, epi verifiye yo respekte tout direktiv yo, sa gen ladan kapasite, PPE, ak distans fizik apwopriye toutan.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak pèsònèl ak rasanbleman, gras a metòd tankou:
 - ajiste orè lye travay la;
 - konsepsyon evolutif (egz: ekip A/B, repati lè arive/depa);
 - konsidere politik enskripsyon alavans pou bay kliyan yo lè pou patisipe nan atraksyon, jwèt, ak aktivite yo;
 - klase aktivite pa gwoup, kote sa posib, pou anplwaye yo ka konfòme yo ak distans sosyal;
 - devlope pwotokòl pou itilizasyon san danje ekipman tout anplwaye yo itilize, tankou telefòn, aparèy fotokopi, enprimant, kès peman, elatriye; ak/oswa
 - limite itilizasyon ekipman plizyè moun itilize san yo pa newatye ak dezenfekte yo kòm sadwa ak/oswa pratike ijyèn men kòm sadwa apre itilizasyon yo/
- Pati Responsab yo dwe ajiste orè yo jan sa nesèsè pou pèmèt pi bo pwosede netwayaj ak itilizasyon dezenfektan.
- Pati Responsab yo dwe konsidere fèmèn atraksyon yo, jwèt yo, ak aktivite yo a diferan moman oswa pa etap pou redui foul ak rasanbleman pandan moun ap sòti anvan fèmèn etablisman amizman andedan oswa sant divètisman pou fanmi an.

- Pati Responsab yo dwe entèdi yo manyen pri yo ak kado yo nan kontwa ak sant kado yo anvan yo achte pri an ak tikè pou sèvi avè l pèsonèlman. Yo pa dwe manyen ni pri ni kado anvan yo achte yo ak tikè,
- Nan mezi sa posib, Pati Responsab yo dwe konsidere sèvi ak tokenn nimerik olye de tikè papyè pou achte kado.
- Pou etablisman oswa sant ki egzije verifikasyon sak pou sekirite oswa lòt fouy sekirite, Pati Responsab yo dwe egzije pou kliyan yo pote bagay nan sak transparan olye de sak opak pou akselere pwosesis la epi evite nesesis pou anplwaye yo gen kontak souvan ak afè pèsonèl; oswa, mande kliyan yo pa pote gwo bagay nan etablisman oswa sant la.

D. Mouvman ak Kòmès

- Pati Responsab yo dwe siveye ak kontwole sikilasyon kliyan ak anplwaye yo k ap antre, ak ki anndan sant amizman andedan oswa divètisman fanmi an pou garanti respè egzijans kapasite maksimòm ak distans sosyal yo.
 - Pati Responsab yo dwe kenbe kont anplwaye prezan pou kontwole sikilasyon an epi verifeye gwoup yo respekte limitasyon distans sosyal ak rasanbleman yo kòm sadwa.
 - Pati Responsab yo dwe entèdi pou kliyan yo rasanble oswa mize epi kenbe kont anplwaye prezan pou anpeche moun rasanble ak mize.
 - Pati Responsab yo dwe konsidere espas lè kliyan yo rive nan antre yo ak/oswa nan chak atraksyon, jwèt, oswa aktivite endividyèl pou minimize liy oswa foul. Pati Responsab yo dwe konsidere lè admisyon espas pou kliyan yo.
- Pati Responsab yo dwe mete anplas mezi pou redui sikilasyon apye nan de sans avèk tep oswa panno ki gen flèch nan reyon, koulwa, oswa espas ki jis yo, epi mete panno epi make distans sis pye nan tout zòn komen yo ak tout zòn kote yo souvan fòme liy oswa kote moun gen dwa rasanble (paregzanp, espas komen yo, twalèt yo, antre ak sòti yo, estasyon tikè yo, pòs anrejistreman arive/depa yo, pòs evalyasyon medikal yo).
 - Kote sa posib, Antite ki Responsab yo ta dwe mete makè oswa baryè pou ankouraje sikilasyon nan yon sèl direksyon.
 - Pati Responsab yo dwe make zòn yo pou sis pye distans nan zòn ki ankonbre anpil yo (pa egzanzp, espas komen pou chita yo nan sal resepsyon yo, twalèt yo).
- Pati Responsab yo ta dwe endike byen klè antre ak sòti ki separe, kote sa posib.
- Si sa nesèsè, Pati Responsab yo dwe pare yo fè kliyan yo fè liy deyò pandan y ap kontinye kenbe distans fizik sa gen ladan avèk itilizasyon siyal vizyèl ak/oswa dispozitif pou kontwole liy (paregzanp, poto, mak pou montre distans nan liy nan, flèch).
- Pati Responsab yo dwe ranje espas pou kliyan yo ret tann (paregzanp, liy, pakin) yon jan pou maksimize distans sosyal la avèk lòt kliyan yo epi minimize entèraksyon ak lòt moun nan espas la.
- Pati Responsab yo dwe limite entèraksyon (paregzanp, deziyen yon sòti pou moun yo k ap kite etablisman an ak yon antre separe pou moun k ap antre) ak depasman sou plas (paregzanp, anplwaye yo dwe rete toupre pòs travay yo leplis posib).
 - Lè sa posib, Pati Responsab yo dwe limite kantite antre yo pou (1) jere sikilasyon andan etablisman an ak pou kontwole limit okipasyon/kapasite yo epi (2) fasilite evalyasyon medikal,

jan sa dekri pi ba a epi an menm tan respekte règleman pou sekirite kont ensandi ak lòt règleman ki aplikab yo.

- Pati Responsab yo dwe elabore yon plan pou anplwaye yo ak kliyan yo kenbe distans sosyal sis pye pandan y ap tann anndan oswa andeyò etablisman an pou tès depistaj, si sa aplikab.
- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou kesye a oswa anplwaye k ap fè moun antre a mete kachnen e yo dwe mete yon baryè fizik apwopriye, jan sa detaye pi wo a, ant anplwaye a ak kliyan an. Pwosesis tikè ak antre yo dwe san kontak, nan mezi sa posib.
- Pati Responsab yo dwe etabli espas ki deziyen pou ramasaj ak livrezon, ki limite kontak nan mezi sa posib.
- Pou livrezon, Pati Responsab yo ta dwe kreye yon sistèm livrezon san kontak kote chofè a ka rete nan kab machin nan pandan livrezon an ap fèt oswa, kote sa pa ka fèt, Pati Responsab yo dwe bay travayè livrezon yo PPE akseptab ki mache ak aktivite sa yo ki gen ladan l, o minimòm, yon kouvèti vizaj pou pèsonèl ki enplike nan livrezon an san yo pa peye pou sa pou dire pwosesis livrezon an.
- Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye yo pratike ijyèn men anvan ak apre yo transfere yon chay (egzanp, ki sòti nan men yon chofè livrezon) machandiz oswa ekipman (egzanp, pratike ijyèn men anvan yo kòmanse chaje atik yo; epi yon fwa ankò lè yo fin chaje tout atik yo, fini pa pratike ijyèn men ankò).
- Pati Responsab yo dwe mete sou pye opsyon anrejistreman arive ak peman san manyen, oswa opsyon rezèvasyon alavans pou kliyan yo, lè sa disponib. Pati Responsab yo dwe minimize manyen lajan, kat kredi, kat rekonpans oswa tikè, ak aparèy mobil, lè sa posib.
 - Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo achte tikè davans sou entènèt oswa atravè aplikasyon mobil, jan sa posib e pratikab.

II. KOTE

A. Sistèm Tretman Lè ak Sistèm Batiman yo

- Pou etablisman ki gen sistèm tretman lè santral, Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou filtrasyon sistèm chofaj ak lè kondisyon a respekte nòm filtrasyon ki klase pi wo a epi ki konpatib avèk sistèm sipò filtè ak tretman lè ki enstale kounye a, ak MERV-13 minimòm, oswa yon klasman endistri ekivalan oswa pi wo (paregzanp, HEPA), si sa nesèsè, epi dapre jan yon teknisyen, pwofesyonèl, oswa konpayi ki gen sètifikasyon pou chofaj ak lè kondisyon, yon pwofesyonèl ki gen sètifikasyon ASHRAE, yon pwofesyonèl modènizasyon sètifye, oswa yon enjènnyè konstriksyon pwofesyonèl ki gen pèmi New York, sètifye l ak dokimante l.
 - Pati Responsab yo ta dwe konsidere tou pou adopte pwotokòl adisyonèl sou vantilasyon ak reduiksyon filtrasyon lè dapre rekòmandasyon CDC ak ASHARE yo, patikilyèman pou batiman ak sistèm tretman lèki gen plis pase 15 ane, tankou:
 - Fè remiz an sèvis nesèsè nan sistèm santral yo, ansanm ak teste, ekilibre, ak repare jan sa nesèsè;
 - Ogmante debi vantilasyon yo ak vantilasyon lè ki soti deyò a nan mezi sa posib;
 - Kite sistèm yo mache pandan plis tan, sitou pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre te gen moun nan bilding lan;

- Dezaktive vantilasyon ki kontwole sou demand, kote sa rezonab, epi kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre yo;
 - Kenbe yon imidite relativ ant 40-60% kote sa posib;
 - Ouvri bouch ayerasyon lè deyò yo pou ka redwi oswa anpeche lè a resikile nan mezi sa posib;
 - Sele bò filtè a pou limite pasaj derivasyon;
 - Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen ap fonksyone, epi ke filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo epi yo nan dire tan sèvis yo;
 - Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò moun ki nan espas la yo;
 - Enstale iradyasyon jèmisid iltravyolèt (UVGI-C, ultraviolet germicidal irradiation) ki fèt ak deplwaye kòm sadwa pou dezaktive patikil viris ki nan lè a yo; ak/oswa
 - Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere.
- Pou etablisman ki gen sistèm santral tretman lè ki pa kapab gen nivo filtrasyon minimòm ki mansyone pi wo a (sa vle di, omwen MERV-13), Pati Responsab yo dwe fè yon teknisyen, pwofesyonèl, oswa konpayi ki gen sètifikasyon pou chofaj ak lè kondisyon, yon pwofesyonèl ki gen sètifikasyon ASHRAE, yon pwofesyonèl modènizasyon sètifye, oswa yon enjènnyè konstriksyon pwofesyonèl ki gen pèmi New York, sètifye ak dokimante sistèm sipò filtè ki enstale kounye a pa konpatib ak nivo filtrasyon minimòm ki mansyone pi wo a (sa vle di, omwen MERV-13), ak/oswa sistèm tretman lè a pa t ap kapab bay nivo minimòm chofaj ak refwadisman li te kapab bay anvan ijans sante piblik COVID-19 la si nivo filtrasyon wo sa a (sa vle di, omwen MERV-13) te enstale.
 - Anplis, Pati Responsab yo dwe konsève dokiman sa a pou ofisyèl depatman sante eta oswa lokal yo revize pou yo ka opere nan yon to filtrasyon ki pi piti ak pwotokòl pou rediksyon vantilasyon ak filtrasyon lè anplis.
 - Anplis de sa, Pati Responsab yo ki gen etablisman ki gen yon sistèm tretman lè santral ki pa kapab satisfè yon to filtrasyon MERV-13 oswa pi plis dwe adopte pwotokòl reduiksyon vantilasyon ak/oswa filtrasyon lè adisyonèl dapre rekòmandasyon CDC ak ASHRAE yo, enkli:
 - Fè remiz an sèvis nesèsè nan sistèm santral yo, ansanm ak teste, ekilibre, ak repare jan sa nesèsè;
 - Ogmante debi vantilasyon yo ak vantilasyon lè ki soti deyò a nan mezi sa posib;
 - Kite sistèm yo mache pandan plis tan, sitou pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre te gen moun nan bilding lan;
 - Dezaktive vantilasyon ki kontwole sou demand, kote sa rezonab, epi kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre yo;
 - Kenbe yon imidite relativ ant 40-60% kote sa posib;
 - Ouvri bouch ayerasyon lè deyò yo pou ka redwi oswa anpeche lè a resikile nan mezi sa posib;
 - Sele bò filtè a pou limite pasaj derivasyon;
 - Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen ap fonksyone, epi ke filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo epi yo nan dire tan sèvis yo;

- Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò moun ki nan espas la yo;
 - Enstale iradyasyon jèmisid iltravyolèt (UVGI-C, ultraviolet germicidal irradiation) ki fèt ak deplwaye kòm sadwa pou dezaktive patikil viris ki nan lè a yo; ak/oswa
 - Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere.
- Pou etablisman ki pa gen sistèm santral tretman lè, Pati Responsab yo dwe adopte plis pwotokòl konpansasyon ayerasyon ak filtrasyon lè, dapre rekòmandasyon CDC ak ASHRAE yo, sa gen ladan:
 - Enspekte tout sistèm ayerasyon sal yo regilyèman (pa egzanp, inite ki nan fenèt yo, inite ki nan mi yo) pou verifye y ap mache kòm sadwa, epi filtè yo byen enstale, yo fè sèvis ladan yo, epi yo nan limit dire tan sèvis yo.
 - Kite nenpòt sistèm vantilasyon sal yo mache pou plis tan, sitou pandan plizyè èdtan chak jou anvan ak apre te gen moun nan sal lan;
 - Enstale sistèm ayerasyon sal yo nan fason pou maksimize lè fre sòti deyò, mete vantilatè yo sou ti vitès, epi evite dirije yo sou moun ki nan sal la nan mezi sa posib;
 - Kenbe yon imidite relativ ant 40-60% kote sa posib;
 - Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò moun ki nan espas la yo;
 - Fikse nenpòt vantilatè plafon pou rale lè k ap soti anlè a lwen moun ki nan sal lan, si sa posib;
 - Bay vantilatè fenèt yo priyorite pou evakye lè anndan an lè sa posib;
 - Evite itilize vantilatè ki sèlman resikle lè oswa sèlman soufle lè nan yon sal san yo pa evakye lè a tou; ak/oswa
 - Enstale iradyasyon jèmisid iltravyolèt (UVGI-C, ultraviolet germicidal irradiation) ki fèt ak deplwaye kòm sadwa pou dezaktive patikil viris ki nan lè a yo; ak/oswa
 - Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere.
 - Anvan okipan yo retounen nan yon batiman ki te fèmen totalman, Antite ki Responsab yo dwe konplete verifikasyon, travay, ak evalyasyon anvan retou yo pou kapab asire yon anviwònman ki bon pou sante epi ki sekirize. Pami sistèm sa yo gen ladan, men pa sèlman, sistèm mekanik, sistèm dlo, asansè, ak sistèm HVAC yo.
 - Depandaman de kantite tan ki te pase depi lè ekipman yo te inaktif, Pati Responsab yo dwe lanse sistèm yo epi obsève yo ak anpil atansyon pou asire ke machin yo (pa egzanp, valv yo ak entèripte yo) ap fonksyone kòrèkteman.
 - Li ka nesèsè pou n pran mezi presi pou sistèm yo pou ka relanse sistèm yo apre yo te fèmen pandan lontan. Pati Responsab yo ka detèmine nesèsite pou chak atik sa yo baze sou dire tan yo te fèmen yo ak kondisyon yo lè yo enspekte yo.
 - Nan fason ki apwopriye ak aplikab, Pati Responsab yo ta dwe fè lè fre sikile anndan bilding lan baze sou konsèp/konpozisyon sistèm lè deyò a pandan omwen 24 èdtan.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo ranplase sistèm tretman lè yo jan sa nesèsè (pa egzanp, apre yo fin fè lè fre sikile anndan bilding lan).

- Pati Responsab yo dwe asire ke yo te fè antretyen ak siveyans ekipaj klimatizasyon yo konfòmeman a règleman eta yo epi ke nivo pwodui chimik ak mikwòb yo nan nivo ke yo te tabli pou nenpòt sistèm dlo ak/oswa enstalasyon dlo ki fèmen yo, epi vide nenpòt aparèy ki ta ka gen dlo dòmi ladan yo.
- Pati Responsab yo dwe vide sistèm dlo frèt ak dlo cho yo konfòmeman a plan jesyon dlo nan bilding lan, si sa aplikab.
- Pati Responsab yo dwe asire ke yo ranplase nenpòt sistèm tretman dlo jan sa nesèsè apre yo fin vide sistèm dlo bilding lan yo.
- Pou bilding ki te fèmen nèt yo, Pati Responsab yo ta dwe asire ke yo te retabli fonksyonman tout sistèm ak ekipman mekanik yo anvan yo reouvri bilding lan.

B. Ekipman pou Pwoteksyon yo

- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou anplwaye yo ak kliyan yo gen otorizasyon antre nan etablisman amizman andedan oswa sant divètisman pou fanmi an sèlman si yo mete kachnen akseptab; depi, sepandan, yo gen plis pase laj dezan e kapab tolere kachnen sa a sou plan medikal.
 - Dapre Dekrè Egzekitif 202.34, Pati Responsab yo gen dwa refize pou moun ki pa kouvri figi yo antre.
- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou kliyan yo toujou mete kachnen, sòf si y ap manje oswa bwè chita nan yon zòn ki deziyen pou sa, oswa si kliyan yo nan yon espas dlo ki sijè a enstriksyon DOH ki separe de sa ki pi wo a.
 - Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou zòn pou manje yo ranje yon jan pou limite entèraksyon ant kliyan ki pa gen kachnen yo.
- Anplis de PPE nesèsè jan yo egzije l pou kèk aktivite nan espas travay, Pati Responsab yo dwe genyen, fè oswa jwenn kouvèti vizaj akseptab, epi bay anplwaye yo kouvèti sa yo san peye pandan yo nan travay. Pati Responsab yo dwe gen kont rezèv kachnen, mask, ak lòt PPE obligatwa soulamen pou sizoka yon anplwaye oswa kliyan ta bezwen ranplase pa li an.
 - Pami kachnen ki akseptab yo genyen, pami lòt, twal (paregzanp, sa ki koud lakay, mòso rad, bandana), mask chirijikal, ak respiratè N95.
- Yo dwe netwaye oswa ranplase kachnen yo lè yo fin sèvi epi plis pase yon sèl moun pa ka sèvi avèk yo. Tanpri konsilte dirèktiv (guidance) CDC preskri pou w jwenn plis enfòmasyon sou kachnen ki fèt an twal yo ak lòt kalite PPE yo, ansanm ak enstriksyon sou fason pou itilize yo ak netwaye yo.
 - Atansyon, yo pa dwe konsidere kachnen an twal oswa mask dispozab kòm bagay akseptab pou kouvri figi pou aktivite nan lye travay la ki egzije yon degre siperyè pwoteksyon figi oswa respiratwa. Pa egzanzp, si respiratè N95 yo egzije tradisyonèlman pou aktivite espesifik, yon twal oswa yon mask ki fèt lakay pa ka sifi. Pati Responsab yo dwe respekte nòm OSHA yo pou ekipman sekirite konsa.
 - Pati Responsab yo dwe konseye anplwaye yo pou yo netwaye oswa ranplase kachnen yo regilyèman si yo ta vin mouye oswa sal.
 - Pati Responsab yo dwe otorize anplwaye yo itilize pwòp kachnen akseptab pa yo men yo pa ka oblije anplwaye yo vini ak pwòp kachnen pa yo. Anplis de sa, enstriksyon sa yo pa anpeche anplwaye yo mete pwòp pwoteksyon pèsònèl anplis pa yo (paregzanp, mask chirijikal, respiratè

N95). Antite ki Responsab yo ka mande anplwaye yo mete plis PPE pou pwoteksyon yo akòz modèl travay yo. Patwon yo dwe respekte tout nòm OSHA ki aplikab yo.

- Pati Responsab yo dwe fòme travayè yo sou jan pou yo mete, wete, netwaye (si sa aplikab), ak jete PPE yo kòm sadwa, sa gen ladan pami lòt bagay, kachnen apwopriye.
- Pati Responsab yo dwe enstale baryè fizik nan pwen komen entèraksyon ant anplwaye ak kliyan yo (paregzanp, anrejistreman arive, kès peman, kontwa pou bay tikè pou kado) epi pou separe atraksyon, jwèt, ak aktivite yo kote distans sosyal ant moun yo pa posib. Pati Responsab yo dwe konsidere enstale baryè sa yo menm si etablisman an mete distans sosyal nan atraksyon, jwèt, ak aktivite sa yo, lè sa posib.
 - Jan yo sot dekri anwo a, si yo itilize baryè fizik yo (pa egzanzp, glas pleksi ki epè oswa ki fèt ak materyèl parèy yo) yo dwe mete yo an plas annakò a [direktiv OSHA yo](#).
 - Pati Responsab yo gen dwa konsidere bay anplwaye ki gen kontak pwòch regilyèman ak kliyan yo (paregzanp, anrejistreman) ekran pou figi, gan, ak/oswa pwoteksyon pou je.
- Pati Responsab yo dwe etabli mezi pou limite kantite moun ki sèvi ak menm bagay yo, tankou ekipman, ak ki manyen menm sifas yo, tankou kès peman; oswa, egzije pou travayè yo mete gan (ki apwopriye pou travay la oswa medikal) lè yo an kontak avèk bagay plizyè moun manyen oswa sifas moun manyen souvan; oswa, egzije pou travayè yo pratike ijyèn men anvan ak apre kontak.

C. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Pati Responsab yo dwe asire moun yo respekte egzijans ijyèn, netwayaj ak dezenfeksyon yo jan CDC ak DOH preskri yo, ki gen ladan "[Enstriksyon pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak afich "[SISPANN PWOPAGASYON AN](#)" (STOP THE SPREAD), jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe rejis netwayaj yo ki gen dat, lè, ak pòte netwayaj ak dezenfeksyon an.
- Pati Responsab yo dwe bay e kenbe estasyon ijyèn men nan espas la, nan fason ki annapre la:
 - Pou lave men: savon, dlo cho k ap koule, ak sèvyèt papye jetab.
 - Pou dezenfektan pou men yo: yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl ki genyen omwen 60% alkòl pou espas kote etablisman pou lave men yo ka pa disponib oswa pa pratik.
 - Pati Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men disponib nan tout espas komen yo (paregzanp, antre yo, sòti yo, magazen kado yo, kontwa pri yo, jwèt yo, atraksyon yo). Yo ta dwe enstale distribitè dezenfektan pou men san kontak kote sa posib.
 - Pati Responsab yo ta dwe mete pano toupre estasyon dezenfektan pou men yo ki endike ke yo dwe lave men ki vizibleman sal yo avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa efikas sou men ki vizibleman sal.
 - Pati Responsab yo dwe mete veso toupato nan etablisman an pou jete bagay sal.
- Pati Responsab yo dwe netwaye ak dezenfekte etablisman an regilyèman omwen chak jou epi netwaye ak dezenfekte pi souvan zòn ki gen anpil risk anpil moun itilize ak sifas yo manyen anpil yo. Yo dwe netwaye ak dezenfekte yon fason rijid ak konstan epi sa dwe fèt souvan nan tout èdtan operasyon yo ak chak fwa sa nesèsè. Tanpri konsilte "[Enstriksyon Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH la pou w jwenn plis enstriksyon sou fason pou netwaye ak dezenfekte etablisman yo.

- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou ekipman oswa bagay plizyè kliyan ki pa fè pati menm gwoup/fanmi/kay ak/oswa anplwaye itilize (paregzanp, atraksyon, aparèt jwèt) netwaye ak dezenfekte apre chak itilizatè oswa, omwen, chak dezèdtan pandan lè ouvèti yo, si se pa pi souvan.
 - Sepandan, si kliyan yo kwe oswa prete ekipman pou jwe jwèt oswa patisipe nan atraksyon oswa aktivite, Pati Responsab yo dwe fè anplwaye yo netwaye ak dezenfekte tout ekipman yo pote remèt yo (paregzanp, soulye pou lwe, kòd) apre chak itilizasyon.
 - Pi presizeman, pou tout atraksyon ki gen ladan oswa ki egzije pou kliyan yo separe akseswa pandan y ap jwe (paregzanp, linèt 3D, kask reyalyite vityèl, jwèt lazè, kask, jwèt sosyete, kat), Pati Responsab yo dwe netwaye ak dezenfekte kòm sadwa chak bagay lè yon kliyan fin itilize li.
- Pati Responsab yo dwe mete kont founiti pou netwaye ak dezenfekte pou sifas plizyè moun itilize yo e ke yo manyen souvan yo (paregzanp, ranp, pòt, jwèt, atraksyon, ekran pou manyen, bouton, kontwa pou al chèche pri) epi egzije pou anplwaye yo sèvi avèk founiti sa yo dapre enstriksyon fabrikan an, anvan ak apre itilizasyon sifas sa yo oswa a entèval rapwoche pandan lè ouvèti yo, epi apre sa yo dwe pratike ijyèn men.
- Pati Responsab yo dwe gen kont anplwaye, ke kliyan yo ka wè, ke yo deziyen pou netwaye ak dezenfekte atraksyon yo, jwèt yo, aktivite yo, ak lòt sifas yo manyen anpil. Pati Responsab yo dwe bay kliyan yo opsyon pou mande pou netwaye ak dezenfekte atraksyon yo, jwèt yo, ak aktivite yo anvan yo sèvi avèk yo.
 - Pati Responsab yo dwe konsidere kite founiti pou netwaye ak dezenfekte tankou sèvyèt dispozab, epitou dezenfektan pou men, sou kote atraksyon, jwèt, oswa aktivite yo pou kliyan granmoun yo itilize anvan yo oswa kliyan minè ki akonpaye yo jwe oswa patisipe nan atraksyon, jwèt, oswa aktivite a. Sepandan, kliyan minè yo pa dwe manyen ankenn founiti pou netwaye oswa dezenfekte poutèt danje pou yo vale yo oswa mal sèvi avèk yo.
- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou twalèt yo netwaye ak dezenfekte regilyèman. Yo dwe netwaye ak dezenfekte twalèt yo omwen chak de zèd tan, oswa pi souvan tou depan sou de frekans yo itilize yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize pano, makè pou endike kote ki okipe yo, oswa lòt metòd pou redui kantite moun ki ka nan twalèt yo lè sa posib.
- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou pòs travay plizyè anplwaye itilize yo (paregzanp, kontwa anrejistreman oswa pri yo) netwaye ak dezenfekte chak fwa yon anplwaye diferan itilize yo.
- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou yo netwaye ak dezenfekte ekipman, zouti, atraksyon ak jwèt yo regilyèman avèk dezenfektan ki anrejistre. Konsilte [lis pwodui](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York yo epi ke EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19.
 - Si pwodui pou netwaye oswa dezenfekte yo oswa aksyon netwaye ak dezenfekte a lakòz danje oswa degrade materyo, ekipman, atraksyon, oswa jwèt yo, Pati Responsab yo dwe kite atraksyon oswa jwèt sa yo fèmen pou kliyan yo, epi mete anplas pòs ijyèn men pou lè anplwaye yo fin sèvi avèk yo, bay gan dispozab pou anplwaye yo, oswa limite kantite anplwaye k ap sèvi avèk materyo oswa ekipman sa yo.
- Pati Responsab yo dwe prevwa pou yo netwaye ak dezenfekte zòn ki ekspozè yo pou sizoka ta gen yon ka COVID-19 pozitif pami nenpòt ki moun nan etablisman an, epi netwayaj ak itilizasyon dezenfektan sa a dwe gen ladan, ominimòm, tout zòn ki gen anpil sikilasyon yo ak sifas anpil moun

manyen yo (paregzanp chèz, atraksyon, jwèt, ekipman plizyè moun itilize oswa yo lwe, ranp, manch, manch pòt).

- Direktiv CDC yo sou "Netwaye ak Dezenfekte Lokal Ou a" si yo sispèk oswa konfime yon moun gen enfeksyon COVID-19 se:
 - Fèmen zòn moun yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la te itilize yo.
 - Pati Responsab yo pa nesèsman bezwen fèmen operasyon an, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
 - Ouvri pòt ak fenèt ki bay sou deyò yo pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
 - Tann 24 èdtan pase avan ou netwaye oswa dezenfekte. Si li pa posib pou tann 24 èdtan pase, tann lepli lontan posib.
 - Netwaye epi dezenfekte tout espas moun yo sispèk oswa yo konfime ki gen COVID-19 la te itilize, tankou biwo yo, twalèt yo, espas kominotè yo, ak ekipman pataje yo.
 - Lè zòn nan fin netwaye ak dezenfekte kòm sadwa, yo kapab ouvè li pou itilizasyon.
 - Anplwaye ki pa gen kontak sere ak kontak pwòch ak moun ke yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 ka retounen nan zòn travay la imedyatman apre netwayaj ak dezenfeksyon.
 - Konsilte "Enstriksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa pwòch".
 - Si plis pase sèt jou pase depi moun ke yo sispèk oswa malad ak COVID-19 te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Depi sa pa poze yon danje ensandi oswa sekirite, sitou pou minè yo, Pati Responsab yo dwe konsidere kite pòt ki andedan etablisman an ouvè, lè sa posib, pou redui kote pou moun manyen ak pou amelyore sikilasyon lè a.
- Pati Responsab yo ka konsidere oswa limite aksè a akseswa oswa enstalasyon kominotè ki gen nan espas evènman yo ki ka ogmante chans pou kliyan yo rasanble oswa risk pou plizyè espas moun manyen souvan, tankou olye yo mete kyòs depliyon pwomosyonèl yo deyò yo ka bay moun depliyon yo lè yo mande yo.

D. Re-ouvèti An Faz

- Yo ankouraje Antite ki Responsab yo fè aktivite reyouvèti yo an plizyè faz pou ke yo ka pèmèt yo rezoud pwoblèm fonksyonman yo anvan aktivite yo retounen nan nivo nòmal yo. Pati Responsab yo dwe panse a limite kantite anplwaye, lè, ak kantite kliyan ki disponib pou sèvi yo lè yo fèk re-ouvè pou bay fonksyonman an kapasite ajiste a chanjman yo.
 - Pati Responsab yo ta dwe konsidere priyore aksè bonè nan etablisman an pou moun ki gen lesepase sezon yo ak/oswa kliyan lokal yo tank gen plis moun k ap frekante espas la pandan kòmansman jou ak semèn operasyon yo.
 - Pati Responsab yo ta dwe konsidere revize tout règleman anilasyon tikè yo ak règleman ranbousman yo kòm sadwa pou ankouraje kliyan ki malad yo pou yo rete lakay yo.

E. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime ke yo te revize epi yo konprann liy direktris yo ke Eta a preskri pou endistri a, epi y ap fè respekte yo.
- Pati Responsab yo dwe elabore yon plan kominikasyon pou aplwaye yo ak kliyan yo ki gen ladan enstriksyon, fòmasyon, panno ki aplikab yo ak mwayen pou bay aplwaye ak kliyan yo enfòmasyon. Pati Responsab yo ka konsidere elabore paj entènèt, gwoup tèks ak imèl, ak medya sosyal.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje moun yo pou yo respekte rekòmandasyon CDC ak DOH preskri sou itilizasyon PPE, sitou pou kachnen yo, pa mwayen kominikasyon vèbal ak pano.
- Pati Responsab yo dwe mete panno anndan ak deyò etablisman an pou fè moun yo sonje pou yo respekte bonjan ijyèn, règ distans sosyal yo, itilizasyon apwopriye PPE, ak pwotokòl pou netwaye ak dezenfekte yo.

III. PWOSEDE

A. Depistaj

- Pati Responsab yo dwe mete sou pye pratik evalyasyon sante obligatwa pou aplwaye yo ak kliyan yo anvan oswa nan moman y ap antre nan etablisman an. Depistaj sa a rekòmande men pa obligatwa pou pèsonèl livrezon, founisè sèvis, ak vandè.
 - Yo ka fè depistaj sa yo a distans (pa egzanp, nan imel, nan telefòn, sondaj elektwonik, lè y ap achte tikè yo, pa mwayen pano), avan yo antre nan espas evènman an, nan mezi sa posib.
 - Yo ta dwe kowòdone depistaj sa yo nan fason pou anpeche moun yo antre an kontak pwòch oswa dirèk youn ak lòt avan yo fin fè depistaj la.
 - Nan kad depistaj sante a, Pati Responsab yo dwe egzije pou yo verifye tanperati yo pa mwayen tèmomèt san kontak oswa kamera tèmik pou tout kliyan yo. Yo pa dwe kite yon kliyan ki gen yon tanperati omwen 100.4° F antre, ni ankenn manm nan gwoup kliyan an ki gen dwa te gen kontak sere avèk kliyan ki gen lafyèv la nan 10 jou ki sot pase yo (paregzanp, manm fanmi, moun ki rete nan menm kay la).
 - Pati Responsab yo ka kite kliyan ki gen yon tanperati 100.4° F oswa plis premye fwa yo verifye tanperati yo pou yo mete yo akote liy depistaj la, ret tann kèk minit pou tanperati kò yo ka nòmalize, epi apres a pran tanperati yo yon dezyèm fwa ankò. Si dezyèm fwa yo pran tanperati a konfime rezilta premye fwa, yo dwe refize kite moun sa antre; toutfwa, si dezyèm fwa yo pran tanperati a pa bay yon tanperati ki 100.4° F oswa plis, ebyen yo ka kite kliyan an antre nan nan evènman/konpetisyon an.
 - Yo dwe fè kontwòl tanperati yo dapre direktiv Komisyon Ameriken an pou Chans Egal nan Zafè Anplwa a (U.S. Equal Employment Opportunity Commission) oswa direktiv DOH yo. Pati Responsab yo pa gen dwa kenbe dosye sou done sante endividyèl (paregzanp, done tanperati espesifik yon moun), men yo gen otorizasyon kenbe dosye ki konfime moun yo te fè tès depistaj ak rezilta tès depistaj sa yo (paregzanp, reyisi/echwe, otorize/pa otorize), sòs si moun nan bay otorizasyon klè fè sa.
- Ominimòm, depistaj la dwe sèvi ak yon kesyonè ki detèmine si moun nan gen:
 - Sentòm COVID-19: Gen kounye a, oswa te genyen dènyèmman (nan 48 èdtan pase yo), nenpòt ki sentòm COVID-19;

- CDC fè konnen pami sentòm COVID-19 yo gen lafyèv oswa frison, tous, souf kout oswa difikilite respire, fatig, doule nan mis oswa nan kò, maltèt, pa ka pran gou oswa sant ankò, malgòj, nen bouche oswa k ap koule, kè plen oswa vomisman, oswa dyare; sepandan, gen kèk nan sentòm sa yo ki gen dwa prezante avèk pwoblèm medikal ki te la deja, tankou alèji oswa migrèn, ke yon pwofesyonèl medikal dyagnostike. Nan ka sa yo, moun yo dwe reponn "wi" sèlman si sentòm yo fèk parèt oswa ap vin pi mal.
- Kontak COVID-19: Te gen kontak sere (oswa kontak pwòch dapre sa otorite lasante yo detèmine) nan 10 dènye jou yo avèk yon moun yo konfime pa tès dyagnostik, oswa yo sispèk dapre sentòm, li gen COVID-19;
 - DOH fè konnen kontak sere se lè ou a yon distans ki mwen spase 6 pye de yon moun pandan omwen 10 minit sou yon pertòd 24 èdtan, kòmanse 2 jou anvan sentòm parèt oswa si li pa gen sentòm, 2 jou anvan li te fè tès. (Kontak sere pa gen ladan moun ki travay nan anvivònman medikal avèk ekipman pwoteksyon pèsònèl apwopriye obligatwa.)
 - Eksklizyon sa a p ap valab pou moun ki (1) resevwa vaksen konplè kont COVID-19 – ki gen kòm definizyon 14 jou apre li fin pran seri vaksen an – nan 90 dènye jou yo oswa (2) ki refèt nèt anva yon ka COVID-19 ki konfime nan laboratwa nan 3 dènye mwa yo. (Olye de karantèn apre kontak sere, moun sa yo ap gen pou siveye sentòm COVID-19 pandan 14 jou apre yon kontak.)
- Tès COVID-19 Pozitif: Te gen yon tès COVID-19 pozitif dapre yon tès dyagnostik nan 10 jou pase yo; ak/oswa
- Vwayaj Dènyèmman: Vwayaje vin Eta New York sòti nan yon eta ki pa vwazen, yon teritwa Etazini, oswa yon peyi ki gen mizangad CDC nivo 2 pou vwayajè nan 10 jou pase yo epi pa suiv mizangad pou vwayajè Eta a.
 - Apati de 1ye avril 2021, mizangad Eta a pou vwayajè p ap egzije ankò pou vwayajè lokal yo fè karantèn lè yo fin antre nan New York sòti nan yon lòt eta oswa teritwa Etazini. Egzijans CDC federal yo pou vwayajè entènasyonal rete an vigè.
- Pati Responsab yo dwe egzije pou anplwaye ak, si yo nan etablisman an, kliyan yo devwale touswit si ak lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentòm.
- Pati Responsab yo dwe kowòdone avèk anplwaye yo pou fasilite pwosesis depistaj la. Pami pi bon pratik depistaj yo genyen:
 - Kominikasyon alavans avèk kliyan yo pou fè yo konnen yo pa kapab antre nan kote a si yo pa pase depistaj la, sa ki gen dwa gen konsekans sou lòt manm gwoup yo a si yo te gen kontak sere avèk moun yo sispèk oswa konfime li gen COVID-19 la dapre sentòm yo oswa rezilta tès pozitif la.
 - Idantifikasyon moun ki fè ak pase kesyonè depistaj yo a alavans.
 - Si aranjman espas la ak etablisman an pèmèt sa, fè depistaj pou moun yo nan oswa pre antre a pou minimize konsekans yo nan ka ta gen yon ka sispèk oswa konfime COVID-19.
 - Pèmèt kont distans sosyal pandan moun yo nan liy pou tès depistaj ak/oswa pou antre nan etablisman an.
- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou tout anplwaye k ap fè aktivite depistaj, sa gen ladan verifye tanperati, pwoteje kòm sadwa kont kontak avèk moun ki gen posibilite pou yo enfektye k ap

antre nan etablisman an. Pèsonèl k ap fè aktivite depistaj yo dwe jwenn fòmasyon nan men moun patwon an idantifye ki konn pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo byen.

- Moun k ap fè depistaj yo dwe resevwa epi itilize PPE, sa gen ladan ominimòm, yon kachnen akseptab, epi sa gen dwa gen ladan gan, blouz, ak/oswa ekran pou figi.
- Pati Responsab yo pa dwe kite ankenn kliyan ki pa pase kesyonè depistaj la antre nan etablisman an, ni ankenn manm nan gwoup kliyan an ki gen dwa te an kontak sere avèk kliyan sa a nan 10 dènye jou yo si yo rapòte sentòm yo te genyen dènyèman oswa tès dyagnostik pozitif yo te gen dènyèman pou COVID-19 (paregzanp, manm fanmi, moun ki rete nan menm kay la).
 - Kliyan yo pa kite antre yo poutèt yo pa pase kesyonè depistaj la akòz sentòm yo te gen dènyèman oswa yon tès dyagnostik pozitif yo te fè dènyèman dwe kontakte yon pwofesyonèl medikal pou evalyasyon.
- Pati Responsab yo pa dwe kite ankenn anplwaye ki pa pase kesyonè depistaj la antre nan etablisman an. Yo dwe voye anplwaye sa yo lakay yo avèk enstriksyon pou yon kontakte yon pwofesyonèl medikal pou evalyasyon epi, si sa aplikab, tès dyagnostik.
 - Pati Responsab yo ta dwe bay anplwaye a enfòmasyon adistans sou swen sante ak resous pou teste.
 - Pati Responsab yo dwe mete depatman sante eta ak lokal la okouran touswit nan ka kote rezilta tès dyagnostik yo pozitif pou COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe konsilte "Enstriksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) sou pwotokòl ak politik yo pou anplwaye k ap chèche retounen nan travay apre ka COVID-19 ki sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te gen kontak sere oswa pwòch avèk yon moun ki gen COVID-19.
 - Pati Responsab yo dwe deziyen yon oswa plizyè pwen kontak santral, ki gen dwa varye dapre aktivite a, kote a, woulman travay la oswa jou a, ki responsab resevwa ak ateste li gade tout kesyonè anplwaye yo, epi kontak sa a oswa kontak sa yo dwe idantifye tou kòm pati pou anplwaye yo mete okouran si pi ta yo gen sentòm ki gen pou wè ak COVID-19, jan sa ekri nan kesyonè a. Pwen kontak yo idantifye a(yo) pou etablisman an dwe pare pou resevwa avètisman nan men moun sou ka ki sispèk oswa pozitif epi, an konsiltasyon avèk monitè sekirite lokal la, kòmanse pwosedi yo pou avèti, kominike, retrase kontak, ak netwaye ak dezenfekte, ki aplikab pou sitiyasyon an.
- Pati Responsab yo dwe chwazi yon monitè sekirite pou lokal la ki gen nan responsabilite li yo respè kontini tout aspè plan sekirite lokal, pou tout moun.
 - Lè yo mete li okouran yon ka COVID-19 pozitif konfime gras a rezilta tès dyagnostik pou yon moun ki kounye a oswa dènyèman te prezan nan etablisman an, monitè sekirite lokal la dwe:
 - mete depatman sante eta a ak lokal la okouran ka pozitif konfime a,
 - ede avèk efò pou retrase kontak yo pou idantifye kontak sere oswa pwòch ki gen dwa bezwen mete tèt yo an karantèn,
 - fè moun yo konnen ki gen dwa te ekspoze a ka pozitif la nan etablisman an gen yon ka pozitif yo te rapòte, ke yo pral retrase kontak, ke yo pral mete kontak sere yo okouran, e ke yo pral netwaye ak dezenfekte zòn ki te ekspoze a plis, epi

- voye anplwaye apwopriye a(yo) al netwaye ak dezenfekte zòn ki ekspoze yo, konfòmman ak pwotokòl ki pi wo yo.
- Pati Responsab yo dwe kenbe yon rejis anplwaye, founisè sèvis, ak vandè ki gen dwa gen kontak sere oswa pwòch avèk lòt moun nan etablisman an; livrezon ki fèt avèk bonjan PPE oswa pa mwayen san kontak epi kliyan yo ke Pati Responsab yo ap note prezans yo yon lòt jan pa ladan.
 - Journal la dwe gen ladan enfòmasyon kontak, sa gen ladan non konplè, adrès, ak nimewo telefòn chak moun, pou yo ka idantifye, retrase, ak avèti tout kontak sa yo sizoka ta gen yon ka COVID-19 ki pozitif. Yo dwe kenbe rejis la pandan yon peryòd 28 jou epi mete li disponib pou depatman sante eta oswa lokal yo sou demann.

B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe fè depatman sante eta ak lokal la konn sa touswit lè yon moun, sa gen ladan anplwaye ak kliyan, epi, si sa aplikab, founisè sèvis ak vandè, ki kounye a oswa ki te dènyèman nan etablisman an, mete yo okouran yon rezilta tè COVID-19 pozitif.
- Nan ka yon moun ki te gen entèraksyon nan etablisman an gen tè COVID-19 pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore avèk efò depatman sante eta ak lokal la pou retrase kontak gras a idantifikasyon moun nan etablisman an ki gen dwa te nan, oswa toupre, menm zòn nan a, oswa apeprè, menm lè ak moun ki pozitif la nan 48 èdtan anvan moun sa a te kòmanse gen sentòm COVID-19 oswa te fè yo kolekte echantiyon li pou tè dyagnostik la, kèlkeswa sa ki pi bonè a. Efò pou retrase sa yo gen dwa gen ladan yo egzamen enfòmasyon etablisman an, tankou rejis/orè anplwaye yo, dosye depistaj, fèy enskripsyon moun ki te la yo, ak/oswa kasèt videyo espas komen yo (paregzanp, antre/sòti, sal resepsyon).
 - Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak regleman federal ak eta a yo egzije a.
 - Nan ka yon anplwaye montre sentòm COVID-19 pandan li nan etablisman an, Pati Responsab yo dwe mete okouran moun ki nan zòn ki ozalantou a(yo) oswa moun yo konsidere kòm kontak sere yo touswit avèk enfòmasyon sou kote moun nan te ye nan tout etablisman an epi fè yo konnen tou si moun ki gen sentòm nan gen tè COVID-19 pozitif lè li fè tè dyagnostik.
- Depatman sante eta ak lokal yo gen dwa, selon otorite jiridik yo, mete sou pye kontwòl ak restriksyon sou depasman pou moun ki enfekte oswa ekspoze yo sa gen ladan izòlman lakay oswa karantèn, si sa aplikab.
- Anplwaye ke yo alète ki te an kontak sere ak oswa pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 e ke yo te alète pa mwayen trasaj, swivi oswa lòt mekanis, yo egzije pou deklare tèt yo bay anplwayè yo a nan lè alèt la e yo pral swiv pwotokòl ki endike pi wo a.
- Pati Responsab yo dwe egzije pou chak kliyan (oswa, si kliyan an se yon minè, yon granmoun nan gwoup/kay/fanmi li) ki prezan bay enfòmasyon kontak anvan oswa touswit apre li rive nan etablisman an, avèk non konplè li, adrès li, ak nimewo telefòn li oswa imèl li pou itilizasyon nan efò posib pou retrase kontak.
 - Pwosesis rekèy enfòmasyon kontak yo gen dwa fèt pa nenpòt ki mwayen Pati Responsab yo etabli pou ranmase enfòmasyon ki pi wo yo, sa gen ladan pami lòt bagay: pwen acha tikè yo, sou yon aplikasyon nimerik oswa sou fòm papyè, avèk aparèy pou pase kat oswa lektè kòd ba, oswa nan yon sistèm jesyon tikè.
 - Pati Responsab yo dwe kenbe yon dosye done anrejistreman ki mansyone pi wo a pandan yon peryòd minimòm 28 jou epi mete done sa yo disponib pou depatman sante eta a lokal yo sou demann.

IV. PLAN PATWON YO

Pati Responsab yo dwe afiche plan sekirite konplè kote ki fasil pou wè nan lokal la pou anplwaye yo. Eta a mete disponib yon modèl plan sekirite pou re-ouvèti biznis pou gide mèt ak administratè biznis yo nan elaborasyon plan pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19.

Gen plis enfòmasyon, rekòmandasyon, ak resous sou sekirite ki disponib sou:

Sit Entènèt sou Nouvo Kowonaviris la (COVID-19) Depatman Sante Eta New York
[lahttps://coronavirus.health.ny.gov/](https://coronavirus.health.ny.gov/)

Sit Entènèt sou Kowonaviris (COVID-19) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Wèb Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay COVID-19 la
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Nan lyen ki pi ba a, afime ou li ak konprann obligasyon ou pou w fonksyone konfòmman ak enstriksyon sa yo:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>